
 RAGAD ADVERTENTIE:
 Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0.50.
 Advertentie limrah: f 0.15 saqaris: (apes: f 1.25).
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.
 Hoofdredacteur:
 B. SOEMARNA
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

== Medal saben dinten Djoemoewah. ==

 REGINIPOEN LENGGANAN
 SWARA TAMA
 1 taoen f 6.— } njoewoen kabajar
 1/2 " f 3.— } roemijin.
 3 woelan f 1,50 }
 Adrèsiipoen Redactie lan Administratie
 IGNATIUS-COLLEGE
 DJOKJAKARTA.
 Telefoon no. 885.

 Drukkerij „Canisius” Djokja.

KASOESASTRAN

KANGGÉ NGINDAKAKEN KAWROEH.

(Bab basa Djawi).

Basa Djawi poenika taksih sadèrèkipoen basa Mladjeng, kénging koela wastani anakipoen basa Indonésia. Déné basa Indonésia poenika anakipoen basa Austronésia. Basa Austronésia poenika sadèrèkipoen basa Austro-Asia. Ladjeng kalih-kalihipoen poenika anakipoen basa Austria.

Doenoengippen basa Austria poenika ing tanah Asia sisih kidoel wétan; ingkang kagolong boewana Asia gadah basa Austro-Asia, wondéné ingkang woedjoed poelo-poelo poenika gadah basa etustronésia. Basa Djawi poenika taksih sadèrèk kalijan basa Mladjeng, Soenda, Madoera, Bali, Dajak, Makasar lsp. menggah tandanipoen: paramasastrianipoen boten katah bédanipoen sarta temboeng-temboengipoen katah ingkang mèmper.

Sinten ingkang sampoen manger-tos basa Wlandi (Europa) temtoe ladjeng ngertos dateng bédaning paramasastria Djawi kalijan Wlandi.

Djawi: endog manoe = Mladjeng: teloe boeroeng = Wlandi: vogelieren (dados oeroet-oeroetanipoen kosok-wangsoel).

Ewa samantèn wonten oegi nje-balipoen, kadosta ing basa Kisar poenika oekoeranipoen kados ing basa Wlandi, oepami:

Kisar: oira makan = Mladjeng: mata air (oira = air, makan = mata).

Kisar: manoe keer = Mladjeng: teloe ajam = Wlandi: kippenei.

Tijang manding basa poenika boten tanpa patokan. Saged oegi wonten temboeng ingkang sami ing basa kalih. Poenika dèrèng mratandani, manawi basa kalih waoe taksih sadèrèk, inggih poenika samangsa temboeng ingkang sami oetawi mèmper waoe temboeng samboetan. Kados déné Djawi: manoen-gsa = Mladjeng: manoesia, poenika dèrèng nélakaken jèn basa Djawi poenika sadèrèkipoen basa Mladjeng, djalara manoen-gsa kalijan manoesia poenika asal saking basa Sanskrita.

Limrahipoen tijang, remen nengesi temboeng manoe asal-asalipoen kadosta: dokkoer asal saking ndodok lan moengkoer. Poenika ladjeng kanggé patokan negesi temboeng sanès oepaminipoen: bek-sa dipoentegesi ambekipoen sa (=satoenggal).

Sega dipoentegesi: mangseg, bandjoer lega. Ingkang kados makaten poenika golongan „etymologie” nanging „etymologie” padoesoenan, mila boten kénging kapitados.

Saweg djamanipoen Koempai, wonten sawenéhing tijang ingkang réka-rékanipoen makaten negesi temboeng-temboeng, nanging awewaton „etymologie” padoesoenan, kadosta:

slokan poenika tjarijosiipoen asal saking slokhaan, Depok asal saking de Bock, Bawéan asal saking de Bavian, Djangkrik asal saking Jan Kriek, Ki Mas Dipaningrat asal saking Keey Maes de penninghraedt lsp. (Mirsanana: Dr. de Haan „Priangan.”)

Inggang kados makaten poenika namoeng moeroegaken anggemoedjengaken, dados déné kawroeh saétoe.

Menggahing kawroeh, boten tjekap jèn namoeng kinten-kinten, kedah mawi patokan.

Kados déné ing nginggil, temboeng Kisar makan = Mladjeng mata, poenika awewaton k malih dados t. Toenggilipoen: Kisar maki = Mladjeng mati

Kisar aki = Mladjeng hati
 „oekoe = „ koetoe
 „oelki = „ koelit lsp.
 (badé kasambet).

NGLEBETI NORMAALSCHOOL.

Ngatoeri pirsá bilih: „Toelating examen” kanggé Normaalschool èstri ing Ambarawa béndjing tanggal 26 lan 27 Mei 1930. Sinten ingkang badé nglebeti, kénging njipeng wonten ing Zusteran.

Meisjes - Normaalschool
 ZUSTERS FRANCISCANESSEN.

PRADJA RAHAJOE

„POENAPA SAMPOEN SAMESTINIPOEN?”

1. Oepami:

Koela dados pandjaking satoenggalipoen dalang, oetawi pakempalan gangsa; réhning koela boten matoek lan kendang ingkang kedah koela taboeh, koela ladjeng ambekta kendang pijambak. Oeger koela kapoe-rih ngendang, temtoe nganggé gadahan koela pijambak, lan réhning tinimbang sabèn-sabèn mentas dipoenanggé, andadak ambekta wangsoel dateng grija koela, mila kendang waoe koela tilar ing grijaning dalang kémawon! Mangga, sinten ingkang anggadhahi kendang waoe? koela poenapa poen dalang? lan, jèn koela pindah, koela kénging ambekta kendang koela, poenapa boten? *

Lalampahan poenika plek lan lalampahanipoen kantja koela goeroe ingkang pindah panggénan, ambek-tani gambar-gambar damelanipoen wasana dipoen-greneng.

Manawi mila gamabaripoen pijambak, lan ragad-ragad inggih medal kantongipoen pijambak, poenapa poenika boten sampoen samestini-ipoen?

Koela goemoen, déné teka wani-wani anggrenengi . . . gèk ngantos kawedal dateng sawatawis tijang, hem teka tjoept temen . . . ! Goemoen koela malih déné pangang-genging sekolahan ing rikoe (sanès mantri goeroe) poeroen tjampoer bab poenika, lan oegi toemoet: grenengan . . . ; sareng koela tlesihaken djeboel oengeliipoen: é bok-manawa katoetan kang dadi darbèké sekolahan barang . . . La . . . barang dèrèng temtoe teka sampoen wani-wani makaten, . . . lan malih nitik tetemboengan poenika kados sampoen: ngakeni bilih ambekta gambar-gambar handleiding lsp. damelanipoen pijambak makaten kénging, . . . la poenapaa teka andadak grenengan poenapa namoeng . . . ?

Sadèrèk, ingkang koela atoeraken poenika sapélé, nanging: kerep kelampahan.

2. Kados andaranipoen sadèrèk !? ing Sw. Tm. kapengker, bab: goeroe lan B.B., koela njambeti bilih B.B. er mila ageng dajanipoen, sanget di-

poenèringi ing kawoela doesoen, kaoem tani, sapéranganing bangsa Djawi, ingkang ageng. Pakarjan poenapa - poenapa, sekolahan lsp., oeger prijantoe B.B. kersa tjawé-tjawé, ngrembag, ngadjengaken, panjerat tanggel: katah dadosipoen.

Goemoen koela, déné ing atasipoen para ingkang sami roemaos saged, lan poeroen, sami pating gedabig damel jejasan poenika-poenika, dipoenréntjangi ngrekaos, bebasan adoes kringet, moerih indaking rahadjenging bangsa, teka ing rikoe namoeng: dawoeh batar paos, batar bon gendèng lsp., bok inggih ing doesoen - doesoen poenika dipoen-wontenana: kempalan toko alit-alitan, kempalan toembas radjakaja lsp. poenapa boten saged? tinimbang kawoelanipoen toembas tèt saboengkoes kémawon, andadak dateng peken lampahan 4 djam—sabadog, poenapa boten memelas . . . ? Mangka terkadang ing mangké poen B.B. er boten soesah nandangi, wontenipoen namoeng: dawoeh lan ngoelat - oelataken kémawon, kadoegi sami poeroen anglampahaken pijambak. Éwadéné teka boten sami poeroen? malah katah kema-won ingkang ngalang-alangi tindak saé, doemèh boten tjotjog lan awakipoen pijambak . . . , poenapa poenika mila sampoen samestiniipoen?

Manawi damel pakempalan „Soos” saged soeboer, poenapa damel pakempalan makaten boten saged?

Goemoen koela malih: déné doemèh kagoengan pangowaos teka sok kesangeten.

Nembé poenika, kantja koela dolanan „biljart” 120 koewadjiaban ambajar 60 sèn, ladjeng njerat wonten ing boekoe „bon”; réhning roemaosipoen oeger tijang oetawi pangrèh soos ingkang wonten bil-jartipoen waoe, sampoen ngertos dateng pijambakipoen (njata . . . R.M.), mila anggènipoen njerat wonten ing rikoe tanpa adrès, namoeng nama tok.

Ing soos ngrikoe boten wonten oendang bilih, tijang ingkang sanès warga boten kénging ngebon, andadak sareng boekoe bon waoe kapirsan ing pangrèh soos — lan oegi satoenggiling B.B. er teroes kawedal pangandikanipoen, wah ora patoet goeroe teka mangkéné, jèn mangkono bakal dakatoeraké marang Dep. O. E. wegens „wangedrag.” Lo, lo, poendi lepatipoen? poenapa sampoen kawertos toekang ngem-

plang? dèrèng . . . ! bab sanès? dèrèng . . . !

Manawi koela, mastani, — sanadjan boten èstoe kaatoeraken — tindak makaten waoe groesa-groeso, boten pantes dados pamonging bangsa . . . , saja déné anggènipoen moengel waoe kasoemerepan tijang katalan wonten bangsa sanès, dados wewah nama: kirang ing pamengko. Moegi² sampoen makaten malih.

Cc. Moentilan RI - MAWAR.

KOEROE SÉTRA

DÉWAN.
 (journalistiek anèh!)

„Dewan edited and published bij Maradja Sayuti Loebis, politicus, history, literature and society.” op-laag 2000 ex.

Gagah, nanging ragi anèh. Loanèh kados-poendi? Mangga kagalih!

Ing Déwan 15 Maret 1930 wonten katrangan, jèn golongan Kristen Amérikah lan Éropah ingkang dados Islam poenika atoesan, toer djago-djago sadaja, jaitoe orang-orang jang soedah tinggi pengetahoenanja, kadosta: Prof. Dr. Haroen Mustafa Leon. (Djempolan dari semoea corps Professor diseloeroeh doenia) lsp. Wonten malih: Prof. Abdullah Daed, siapa asalnja adalah seorang Pastoor Katholiek jang sangat kenamaan dalam doenia Kristen. Ia dahoe-loenja student jang radjin dalam Universiteit Katholiek di Rome (Itali) kemoedian ke Universiteit idem* di London.

Anèh! Mila anèh, amargi goroh. Universiteit idem di London. Idem ing ngrikoe ateges: Katholiek. Mangka ing London boten wonten Universiteit Katoelik. Tjobi jèn boten pitados, koela atoeri njoewoen pirsá dateng Rama Pastoer Satiman, ingkang sampoen setaoen wonten ing tanah Inggris, manggèn tjelak London. Koela poeroen totohan, temtoe ngandika: Universiteit Katoelik ing London? Ora ana.

Limrahipoen manoen-gsa poenika jèn sampoen dipoen-gorohi sapisan, ladjeng nginten: Mengko gèk goroh manèh. Ing Déwan wonten kabar ingkang goroh, ladjeng nginten: Mengko gèk kabar lijané ija moeng goroh-gorohan baé. Panginten kados makaten poenika boten leres, nanging sampoen dados limrahipoen, ladjeng kados-poendi malih!

Toenggilipoen ingkang anèh: Ka-

ISINIPOEN:

Kanggé ngindakaken kawroeh — Poenapa sampoen samestiniipoen — Déwan—Ngandap Keloet — Mangga moendoeta — Pangroekti Laja — Sarkara — Ratoe Poetri — Poespita mantja-warna — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

lau kita tidak keliroe benar*) pada satoe tahoen jang laloe ada kegirangan besar bagi kaoem Geredja, lantaran katanja*) ada satoe hadji disalah satoe desa soedah masoek Keristen. Datangnja bang hadji kesini disamboet oleh semoea kaoem Keristen teroetama kaoem isterinja. Ditambahi titelnja bang hadji dengan „kijai”, mendjadi kijai hadji soedah masoek Keristen. O, nama ini dibikin mendjadi reclame besar oleh gerakan Keristen. (taksih wonten teroesipoen). Ladjeng: Itoe hadji pakai politik koetjing, kapan toean roemah pergi, tinggal mepro, si hadji mintak berkahnja mepro, ingin roeh soetji, soepaja bisa sembahjng doea doean dalam kamar

Journalistiek anèh! sagedipoen namoeng „kalau kita tidak keliroe benar” oetawi „katanja.” Jèn makaten mèmper jèn Déwan poenika saged kebak karangan. Bok inggih moenggel „saja soenggoeh taoe sendiri.” Kalijan malih Kristen waoe Protèstan poenapa Katoelik? Kjai Kadji namanipoen sinten, sampoen namoeng titik-titik. Mepro waoe mepro sinten? Poenapa aditrih mastani sadjatosipoen? Ingkang dipoenaditrih poenapa ta? Poenapa margi boten njata? Jèn makatena Déwan poenika pantesipoen namoeng kanggé laré alit oetawi tijang bodo, ingkang ngandelan. Éwasamanten ing katja 72 wonten ingkang moengel: Dewan poenja abonné sebahagian besar dari kaoem terpeladjar. Hampir semoea bangsa kita jang kami taboe ber-telit Dr. Mr. Ir. mendjadi pembatja Dewan jang setia.

Para Dr. Mr. Ir. ingkang remen maos Déwan toer ngaosi isinipoen, koela tjaoesi „proficiat!”

Woesana wontena karsanipoen Redaktoer ngintoenaken Sw. Tam. ingkang isi karangan koela poenika dateng Redactie Déwan (Ngasem, Djokja).**)

Tim Moen.

*) Ingkang damel bédaning seratan: Tim Moen pijambak.
 **) Prajogi. Red.

MULO KATHOLIEK

ING
 JOGJAKARTA LAN ING SOERAKARTA.

- 1) Para moerid ingkang badé nglebeti Voorklas oetawi Klas I moegi sami njaosana priksa doemateng Direktoering pamoelangan waoe. Kanggé ing Soerakarta adrèsiipoen: BROEDERAN KOESOEMAJOEDAN; kanggé ing Jogjakarta KAMPEMENTSTRAAT 17.
 - 2) Menggah moerid ingkang katampi:
 - a. kedah mbekta oetawi ngintoenaken verklaring saking pangagenging pamoelanganipoen.
 - b. adrèsiipoen ingkang tjeta.
 - c. panampinipoen moerid doemoegi tanggal 1 Juli.
 - 3) Déné laré ingkang boten gadah verklaring badé dipoen-eksamen: kanggé ing Soerakarta, eksamenipoen béndjing tanggal 1 lan 2 Mei wonten ing pamoelangan Mulo ing lodji ingkang poengkasana ACHTERSTRAAT; kanggé ing Jogjakarta béndjing tanggal 28 lan 29 April wonten ing pamoelangan Mulo KAMPEMENTSTRAAT.
 Kanggé ing Soerakarta, sadèrèngipoen tanggal 30 April sasampoena njaosi priksa doemateng adrès kaseboet nginggil; kanggé ing Jogjakarta sadèrèngipoen tanggal 27 April.
 - 4) Bab bajaran sekolah mitoeroet pranatan Goepremèn.
 - 5) Ing pamoelangan R.K. Mulo poenika dipoenwonteni woelangan basa Engelsch, Fransch, Duitsch, Djawi, Mladjeng lan gymnastiek.
 - 6) Déné woelangan Agami boten dipoenwadjabaken.
 - 7) Wiwit tanggal 1 Juli R.K. Mulo ing Soerakarta, pindah wonten ing tilas „Hotèl Döhne,” satjelakipoen Goepernoeran.
- SECRETARIS CANISIUSSTICHTING.

Tanggal 20 doemoegi 24 Mei ing Mendoet ngawontenaken retrèt kanggé wanita Djawi. Ingkang badé ndèrèk kersaa maringi wertos sadèrèngipoen tanggal 15 Mei.
 Wragadipoen f3.—
 MOEDER OVERSTE
 Zusters Franciscanessen
 MENDOET.

SAKING PAKEMPALAN.

PANGROEKTI LAJA NGAJOGJA.

Nalika tanggal 13 April 1930, pakempalan Pangroekti Laja ngawontenaken parepatan warga, manggèn ing sawétan Grédja Santo Joeseop: Warga ingkang rawoeh kakeang poetri ± 120, tamoe ± 30, ingkang ladjeng dados warga 12. Warga pangreh ingkang rawoeh 10: Rama G. A. oegi rawoeh andjeng-nengi. Djam 10.30 parepatan kabikak ing pramoegari kanti sembahjang.

Pramoegari soeka pambagja dateng para warga toewin tamoe kakeang-poetri ingkang sampoen sami kersa rawoeh angrengaken pakempalan.

Panitra maos pèngetanipoen parepatan kapengker, sarta sasampoenipoen kaéwahan sawatawis ladjeng kaabsahaken.

Pakabaran:
I. Wiwit woelan December 1929 doemoegi April 1930 tjtjahing sripah wonten 3, ingkang 2 kakeboer ing Semaki, ingkang 1 wonten ing Soerakarta.

II Bab altaar: sampoen kènging kawastanan rampoeng, namoeng kirang njoekani pajon; dados saepami wonten kepeksanipoen, bèn-djing November sampoen kènging kanggé njaosaken Koerban Mis Soetji.

III Bab toegoeran ing dinten malem Djoe-moewah adi, para warga kasedijanan papan kagem ngaso wonten ing sawétan Grédja, sarta kasedijanan oendjoekan wédang boe-boek, kènginga kagem tjagak elok.

IV Bab palajatan: poenika inggih leres boten nama wadib, ananging sasaged para warga manawi wonten sripah kaatoeran merlokaken lajat.

Bab dana dateng P. D. G.

Pramoegari nerangaken bab toedjoenipoen P. D. G. toewin kabetahanipoen: dengan pandjang-lebar: ladjeng ngrembag bab anggèni-poen badé dana. Prakawis poenika karembag ngantos ramé, wasana poeoesaning parepatan:

1e. Ing sapoenika P. L. dana f 50, — roemijn dateng P. D. G. déné ing wingking manawi wonten kirangipoen, kènging karembag malih.

2e. Saben woelan P. L. dana f 2,50 dateng Grédja Djawi.

Pitakénanan:
a. Sad. Hardjasoebrata moendoet priksa paenapa sadaja voorstel-voorstel ingkang ka-tampi sampoen katindakaken sadaja. (Wonten ingkang dèrèng. b.v. bab retjanipoen St. Barbara).

Oesoel: 1e. Soepados manawi pakempalan, ing pakabaran kasebetna oesoel poendi ingkang sampoen katindakaken, (dipoensagahi). 2e. Sadaja voorstel kapèngatan, soepados mangertos dateng kamadjenganing pakempalan (dipoensagahi).

b. Sad. Dirdjaprawata moendoet priksa: gegajoean kalijan kabetahanipoen wregoe Grédja Djawi, poenapa P. L. boten saged se-tijar sarana nanem wit wregoe ing kramatan (Sampoen katindakaken, nanging boten saged gesang).

c. Sad. Saparija kagoengan pamoendoet soepados poeoes-poeoesaning P. L. ingkang preloe - preloe kalebetna ing Centraal Kath. (dipoensagahi).

d. Sad. Darmadhardja ngandika: rehning kasipoen P. L. ageng, kagoengan pamoendoet: 1e. Soepados pitoeloengan ingkang dateng para warga boten awoedjoed jatra, nanging kabébasna kemawon saking sadaja pangrem-bag, dados sadaja kabetahan ingkang njanggi ladjeng pakempalan. (Boten dipoentampi, a-margi kabetahaning pakempalan katah sanget: toemebejing jatra pendak woelanipoen boten njekapi kanggé kabetahaning pakempalan ing sawoelan - woelanipoen).

2e. Bedah boemi ingkang toemrap para warga kaitjalna, déné ingkang sanès warga kalestantoena f 4, — (katampi).

e. Sad. Martadikrama moendoet priksa: bab oeroet - oeroetaning panggoeboer ing Se-maki. (Baji saking kidoel kilèn, tijang sepeoh saking lèr kilèn).

Sadèrèngipoen parepatan katoetoe, rama G. A. anggoegah dateng para warga soepa-dos anetepana wadibing warga P. L. anggèni-poen ndèrèk lof P. L. ing dinten Rebo son-tèn ingkang kaping 4.

Wasana djam 12.15 parepatan katoetoe kanti sembahjang.

Panitra CONST.

SARKARA.

Kang rinembag riboeting kang ari Ing Moentilan noedjoe badé Paskah Samya madjang sabregasé. madjang awak abagoes

langkoeng-langkoeng Sasana Soetji Oesreg oebreg kang sandang Samya ngangkoet-angkoet. Palembang miwah girang palem kobis bakoeng toewin bangsa léli. Siplir kang warna-warna.

Linebetken ing Sakristi noeli troes tinata sakoebenging altar. Ana sidji mriksa baé. king kadohan lan moewoes. amaoni kang kirang asri. kang ingatag gya tandang mbeneraken loepoet. tjèkat-tjèket tandangira djer mangkono njamboet gawé koendjoe Goesti badé kanggé sawangan.

Sawoesira katingalan asri pan bokèté gya pinasng énggal saja mewahi asriné lilin pinasng goepoeh pating dledjer rampak apoetih Dèn sawang tjahjanira, Soemoenoe ngenggoewoeng pantjèn pantes jèn padjangan katoer Goesti, Wah mantepé kang madjang.

Roning kamal saopama, gentos kang katjritèng kawi, doek ing Paskah dintenira, noedjoe ndèrèk Koerban Soetji, ing Grédja Moentilan ngoeni, wah asri rerengganipoen, déning kang tjaoes Koerban, toewin ingkang angladosi, saha ingkang ndèrèk samya katon soeka.

Déné ing dinten poenika, angèng-ten mring pra djanmi, doek woengoening Sang Hyang Poetra, saking séda tigang hari, séda kapentang salib, inggih minangka pane-boes, mring dosaning pra djanma, wasyat sing leloehoer mami, kang wawangi bapa Adam iboe Kawa.

Wangsoel mikir djroning Grédja, ageming kang ndèrèk sami, pating glebyar pating krelap, warni-warni kang koelambi, toewin malih sindjang njamping, samya tigas aloes-aloes, moerid Kwiksoel toewin Normal, samya nganggé oedeng adi, kadya djamoer ingkang nedeng megarira.

Dwidja toewin para siswa, ingkang warga Congregasi, sami kaloeng medalinja, ting gerandoel ting kar-elip, saja mewahi asri, pasawangan-ing Kedatoen, pratanda soeka-soeka, wiwit ing dinten poeniki, mangga samya angengidoeng aléloejah.

Pakkoes.

RATOE POETRI.

Djeng Iboe kang moenggwèng Swargi, Oeloen atoeri kasoean, Mèngeti Goesti woengoené, Inggih kadi ngandikanja, Ngèstonana kawoela. Iboe soekaa ing kalboe. Ndjeng Goesti woes woengoe séda.

Prajogi moendjoeka sami: Allah kang Maha Koewasa. Tetep akarja bingahé. Oemat srana ing woengoenja. Kristoes Jésoes Pangranba. Goesti, lantaran Djeng Iboe, Kawoela malbèng Soewarga.

F. x. J.

kanggé reclame.

Parepatan moefakat wontening P. G. B., ladjeng pilihan bestuur. Voorzitter: M. K. Sastrosoeparto Gb. sek. kl. II Dremadjana Srengat, Secr.: M. K. Kartawidjana Gb. sek. vervolg Kebondoerèn, Penningmeester: M. Karjana Wiraatmadja Gb. sek. kl. II Dremadjana, Comm.: M. Siswapra-nata Gb. sek. vervolg Bondo lan M. Sakoeng Gb. sek. kl. II Mangoenan. Manoeit h. r. P. G. B. tjab. Srengat kedah ngwontenaken adviseur; saking roedjoekeing parepatan sad. H. T. Tjokrosiswojo Mantri Goeroe sek. kl. II Srengat ingkang kapilih.

Statuten lan huish. regl. ladjeng kawaos. Sasampoening kaéwahan ladjeng kaabsahaken.

Sarehning sampoen boten wonten ingkang karembag djam 11.30 parepatan katoetoe kanti wilodjeng. Waroedjong 7-4-'30.

C. C. Keloet Horizon.

„MANGGA MOENDOET.”

Sadèrèk koela Djawi poenika ratjak - ratjak kirang nggatosaken damelaning sadèrèkipoen pijambak. Tompo damelan sadinten moepoet, namoeng poeroen noembas gangsal sèn. Sapoe sada damelan sakèndjing, namoeng dipoenadjengi saringgit abrit (f 0,02⁵). Éwasamanten, nadjana sampoen mèh tanpa adji makaten, meksa sok boten wonten prijantoe ingkang moendoet. Ah memelas!

Margi njipati makaten poenika, koela kok katoewoehan gagasan: „Boekoe djawi Katolik kok boten énggal mindak-mindak, poenika poenapa inggih margi sakedik ingkang ngersakaken? Lo kok radi anèh! Awit poenapa ta ingkang nebihaken kredjet badé moendoet lan maos? Regi sampoen salaras lan barangipoen, malah kapara miring. Isi boten mlarati, malah ngredjekèni. Basa-nipoen basa Djawi aloes, oekara loewes, aroem kapirengaken, rerenggan

VAN LITH-STICHTING.

Arta pandjenengan 100 sèn, ingkang dipoenparingaken dateng V. L. S. namoeng 1 sèn! Soemangga énggal dados contribuant!

Pangreh V. L. S. p/a Bijz. H. I. S. MAGELANG.

boten ngoetjiwani, lo rak sampoen mèh lepat tjinaoer ta? Dados sadaja waoe temtoe malah nggoegah pepènginan moendoet.

Ananging oepami wonten sadèrèk ingkang kagoengan raos radi njapè-lèkaken damelanipoen sadèrèkipoen pijambak, bok inggih karsaa ngipat-aken. Sadèrèk pandjenengan Katolik anggènipoen poeroen damel boekoe djawi Katolik, poenika ndamelaken pandjenengan. La manawi ingkang dipoendamelaken tansah kléwa - kléwa, bebasan mriksani kemawon mberahaken, gèk sinten ingkang soedi njepeng. Poenapa golongan sanès? Mokal. Oepami basa Djawi poenika soemrambah sadonja kados basa Inggris, bangsa ngamantja temtoe ngebogi boekoe - boekoe Djawi.

Bokmanawi wonten ingkang mang-galih makaten: „Boekoe - boekoe djawi Katolik koewi satemené moeng sidji loro sing karangané sadoeloer kéné. Tinimbang matja pertalané, ambok matja sing dipertal, dadi ngerti empoenè pisan, toer ngiras sinaoe basa ngamantja!” Pamanggih poenika lepat. Pantjèn inggih makaten. Toeroenan, ratjak — dados boten sadaja — boten mandingi babonipoen. Amoeng kemawon koela atoeri mang-galih: jèn pandjenengan boten karsa moendoet, sinten ingkang badé moen-doet. Jèn saèstoe makaten, boekoe djawi Katolik boten badé mindak, badé kados-poendi?

Pandjenengan sadaja temtoe se-neng, jèn katah sadèrèk Djawi kinar-sakaken Goesti mlebet ing pratapan. Ngantos doemoegi sapoenika, ingkang saged katampi ing pratapan-pratapan, namoeng sadèrèk ingkang apes saged tjara Walandi. Dados ingkang amoeng saged basa Djawi lan Mladjeng, boten badé katampi, djer boekoe - boekoe ing pratapan ingkang ngemot piwoelang (kawroeh) boten wonten ingkang kaetjap ngang-gé basa Djawi oetawi Mladjeng, wontena, inggih dèrèng sapintena. Kangélan poenika ngantos doemoegi boejeot tjanggah warèng, boten badé itjal, samangsa boekoe Djawi Katolik boten pepak.

Pramila koela atoeri ngembat-embat ingkang saèstoe, sampoen amoeng manggalih, bilih boten patos mbetah-aken. Saksi St. Paulus M. C.

POESPITA MANTJA WARNA.

BABAGAN MISSIE

PHILIPINO.

II.

B. Babagan tijangipoen priboemi.

Tijangipoen priboemi, ingkang ing poerwanipoen manggèn wonten ing tanah Philipino, poenika bangsa Aëta, ingkang kanamakaken ing tijang Sepanjol Negroito, amargi kabekta saking kekoelitanipoen tjemeng lan pawakanipoen alit; negroito teges-ipoen boten lija tijang tjemeng alit; (saking niger = tjemeng, neger). Mitoeroet sardjana Inggris Keane bangsa Negroito poenika tedak - toe-roenipoen bangsa sapisanan (autoch-tonen) ing Noesantara ngriki, ingkang ing doek kinanipoen mèh soemrambah ing sa-Noesantara; déné ing samangkènipoen sampoen mèh tjores, namoeng kantoen boten sapintena, inggih namoeng kantoen bangsa Negroito poenika, ingkang minangka dados toeroenan poeng-kasan pijambak. Éwasamanten A. B. Meyer boten njondongi wawasan poenika, gadah panginten, jèn bangsa Negroito poenika djadjahanipoen namoeng mligi wonten ing tanah Phi-lipino, boten pisan² soemebar ing sa-Noesantara, katitik margi ang-gènipoen boten kasebat babar pisan wonten ing babad-sastranipoen tijang priboemi. Menggah basanipoen bangsa Negroito poenika saking pamanggihipoen sardjana Prof. Kern, kènging kaéwokaken basa Malajoe-Polynesi (koela atoeri maos Bijdra-gen Land Taal en Volkenkunde 1882 katja 243). Ing samangkènipoen bangsa Negroito sampoen kantoen sakedik, papanipoen pating prentja ing paredèn; tjatjah djiwanipoen kirang langkoeng 25.000. Inggih katah manggèn wonten ing Luzon. Déné kamadjenganipoen bangsa Negroito poenika dèrèng sapintena. Kedjawi bangsa Negroito, bangsa Melajoe oegi kènging kaéwokaken tijangipoen priboemi ing ngrikoe. Doek kinanipoen tijang Melajoe poenika sami bebrana mrikoe; sa-pèrangan alit taksih kolot, boten toemoet-toemoet ombjaking djaman kamadjengan; déné ingkang sapè-rangan ageng sami nilar kolotipoen, ngangsoe seserepanan, temahan sami saged madjeng; lan ing samangké bangsa Melajoe ingkang sampoen nggeboer wonten ing madyaning kamadjengan poenika katelah bangsa Philipino. Dados jèn makaten bang-sa Philipino poenika boten tebih aloeranian kalijan sakoela sadaja bangsa Djawi —, taksih sami noeng-gil sabangsa inggih poenika bangsa Melajoe. —

C. Babagan radja niti.

1). Wiwit ing abad ingkang kanembelas tanah Philipino doema-ing ing tanganipoen tijang Spa-njol. Ing taoen 1565 Legaspi ingkang binatara, kadèrèkaken Rama Urdaneta, warganipoen pakempal-aning S. Agoestinoes, ngantjik wonten ing poelo Cebu; énggal sesrawoengan kalijan tijang priboemi, ingkang saged toemindak klajan saé. Saking Cebu Legaspi lelajaran da-teng poelo Luzon, lan ing taoen 1571 wiwit oemadegipoen kita Ma-nilla wonten ing poelo Luzon. Para missionaris, warganipoen pakempal-an S. Agoestinoes, S. Fransiskoes, S. Dominikoes lan warganing pakem-palan Sri-Jésoes sami anggreseng anggènipoen njebar Kabar Kabingah-an, jasa pamoelangan andap lan loe-hroer, grija pangetjapan, grija sakit, grija pangoepakara kanggé tijang éwah, tijang sepeoh, laré lola lan sanès-sanèsipoen. Rama F. Sedenjo S. J. priksa ing kasagedanipoen tijang priboemi ing babagan nggambarlan ngoekir-oekir lan noekang, énggal jasa pamoelangan krija pamoelangan ngantih lan mendjahit; Rama F. Se-denjo oegi ndatengaken oeler soetra wonten ing tanah Philipino. Meka-ten kawontenanipoen tanah Philipino ing salabeting 300 taoen, tata ra-hadjeng, boten kirang satoenggal poenapa, ngantos sardjana Elisée Reclus, ingkang geting kalijan tijang Katholik, kawekdal temboengipoen: „Bangsa kang kleboe begdja déwé ing saloemahing djagad, jaikeo bangsa Philipino, kang ing tanahé ora ana tjolong-djoepoek, ora ana radja pati, kabèh karta tentrem; sa-mono ikeo sadoeroengé ana kraman.” Prof. Edward Caylord Bourne nga-lemkana sanget dateng tradjanganipoen tijang Sepanjol wonten ing tanah Philipino, temboengipoen: „Kang dipeleng ing bangsa Sepanjol ora lija moeng adjoening bangsa pri-boemi ing babagan djasmani lan rohani.” Lan toewan Crawford ing-gih boten kirang pangalembana:

„Pada-pada kolonie, sing montjèr lan madjoe déwé jaikeo tanah Phi-lipino, wong priboemi ajem, tanahé karta lan tentrem.” Kotjap, kinten-kinten ing taoen 1886 wonten tijang Philipino anami José Rizal ingkang angodjok - odjoki tijang Philipino, soepados sami berontak.

José Rizal poenika ingkang se-waoe sinaoe wonten pamoelangan-ipoen Rama pakempalan Sri Jésoes ing Manilla, — ladjeng dateng Ma-drid perloe ngladjengaken sinaoe-nipoen; wonten ing rikoe sesra-woengan kalijan gegèmbonging-be-rontakan Zorilla, Sagasta, Castelan; José Rizal saking Madrid kèsah dateng Berlin, saking Berlin wang-soel dateng Manilla wonten ing ngrikoe wiwit ngodjok-odjoki kra-man malih. Ing taoen 1892 katjeping lan kabotjtal dateng Mindanao. Kinten-kinten 4 taoen malih mentas lelana saking Cuba lan Madrid wangsoel malih dateng Manilla, ing ngriki damel kraman, katjepeng, lan kapoetoesan pedjah kasendjata. Éwasamanten kraman kaladjengaken déning Emilio Aquinaldo, ingkang tandangipoen riwoet sanget amboedi-daja toempes lan sirnanipoen bangsa Sepanjol saking tanah Philipino, soepados saged madeg pijambak. Ing taoen 1898 soerja 21 April Amerika amangoen perang kalijan Sepanjol. La sapoenika toemrapping Emilio Aquinaldo kaleresan sanget, neda bijantoe dateng tijang Amérika moe-rih saged sirnaning tijang Sepanjol. Tijang Amérika gita sanget soeka bijantoe, lan réwa-réwa njagahi, bokmanawi tanah Philipino badé madeg pijambak. Ing taoen 1898 soerja 1 Mei baita perangipoen Amérika, ingkang dipoenpenganggi admiraal Dawey perang tjampoeh kalijan baita Sepanjol wonten ing palaboehan Manilla; baita Amérika oenggoel djoeritipoen; lan soerja 13 Aoegoestoes 1898, kita Manilla ka-tjepeng ing tanganing mengsah. (bala Amérika lan balanipoen Aquinaldo).

Lan 10 December 1898, katetep-aken wonten ing perdjandjian Parijs (verdrag van Parijs), manawi tanah Sepanjol kedah ngoeloengaken dja-djahanipoen Philipino dateng Amé-rika, mawi kalintonan arta 20 joeta dolar. Witwit taoen poenika tanah Philipino dados djadjahan Amérika. Méndah tjowanipoen Emilio Aquinaldo; ingkang sewaoe dipoense-majani ing Amérika, manawi badé bawa pijambak, lan doemoeging ngendon kabawah ing Amérika; wangsoelanipoen Amérika: „Kowé Philipino botjah baji wingi soré, doeroeng bisa bawo déwé.” Aquinaldo boten trimah babar pisan; ngladjengaken kramanipoen, ing sa-mangké boten tanding kalijan Sep-anjol, nanging Amérika. Amérika ngintoenaken wadyabala 60.000 da-teng tanah Philipino. Boten dangoe Aquinaldo kalindh ing djoeritipoen; lan woelanipoen tanah Philipino karegem ing Amérika; inggih poe-nika ta jèn pilih-pilih teboe; poenika namanipoen toeloeng kepentoeng.

William Howard Taft kaangkat dados goepoer noer ingkang sapisanan wonten ing Philipino; kabantoe ing najaka 8 (5 bangsa Amérika lan 3 bangsa Philipino); kempaling najaka poenika kanamakaken Philipino Commission. Ing taoen 1907 kawon-tenaken Rembag Kawoela (volksver-tegenwoordiging). Philippine Com-mission warganipoen dipoendindiki dados 9 lan sapoenika kanamak-aken „hoogerhuis,” samanten oegi ladjeng kawontenaken lagerhuis (Aosemby) ingkang ngemoe raos kabangsan sanget. Ing taoen 1916 soerja 29 Aoegoestoes Philippine Commission kasowak, kasantoean Senaat*) lan Huis van Afgevaardig-den (grijaning para wakil; **) kem-paling kekalih poenika kawastanan Philipino Legislature (parlement). Warganing Senaat wonten 22, lan warganing Grijaning para wakil 90. Wiwit taoen 1905 seseboetan-ipoen G. G. Sadaja wet-wet ingkang magepokan kolonie kedah katoer roemijn dateng Congres ing Was- hington.

Makaten tataning pradja ngantos doemoegi sapriki. Bab radja niti sampoen doemoegi samanten. Bén-djing ngrembag tataning missie ing Philipino.

Djalaran.

*) Saminipoen eerste kamer.
**) Saminipoen tweede kamer.

Toelatingsexamen JONGENS-NORMAAL-SCHOOL Ambarawa tanggal 19 lan 20 Mei. Saben sekolahan katah - katahipoen namoeng koela atoeri ngintoenaken moerid 6.

Dir. Normalschool
A. DE KUYPER.

V A R I A. NGANDAP KELOET.

1. Toean Ter Horst.

Nalika dinten 2 - 3 April '30 ing detachement veldpolitie Srengat ngwontenaken pista, kanggé ngoer-mati H. P. O. toean Ter Host, djalaran kapindah dateng Toeloengagoeng.

Toean poenika sanadjan saweg setaosen wonten ing Srengat, éwa-samanten saking saéning tindak ta-doek, sarta sagedipoen tetepangan dateng sadaja bangsa sampoen mèh angger tijang wanoeh, langkoeng-langkoeng ingkang seneng dateng sport. Boten nggoemoenaken jèn ingkang dateng waoe mèh saking sadaja golongan wonten.

Djam 9 sadèrèk Mantr - Politie veld, R. Soemadikoen, kadèrèkaken sadaja agenten madjeng, matoer noewoen dateng toentoenan, saéning pangemong sarta ndèrèkaken soegeng tindak kanti njaosaken „tanda mata.” Ladjeng kasambat sadèrèk H. T. Tjokrosiswojo atas namaning v. v. Sios inggih kairingaken sadaja warga, ngatoeraken panoewoen dateng toen-

toenan, kemadjenganipoen kita Sr., slamet djalan lsp. inggih mawi ngatoeraken „tanda mata.”

Toean Ter Horst katingal rena, sarta mangoeli satjekapipoen. Sad. Tjong Hwa saking kita noetoeti wo-ipoen inggih ngalem, saha „tanda ma-ta” kaoloengaken. Sad. R. M. Sorot atas namanipoen pandoeoek Wlingi.

2. P. G. B. tjabang Srengat. Pakempalan kaseboet tg. 6-4-'30 éstoe ngwontenaken parepatan wonten Kartawidjanan, ingkang kada-tengan sad. Gb. 10, N. s. 6, Gd. 3 lan K. B. 1, sarta Pamaréntah Mantri Politie B. B. lan Veldpolitie.

Djam 9.30 parepatan kabikak déning M. Kartawidjana kados adat, ladjeng kapasrahaken M. Sastrosoeparto. M. Sastro nerangaken antjas, saéning kempalan lsp. kanti panjoe-woen, soepados para Gb. kersa mlebet jèn ing Sr. wonten P. G. B. Kasambet sad. Kartawidjana ngantos terang. Sad. H. T. Tjokrosiswojo madjeng mewahi katerangan, sarta mbekta almanak P. G. B. dinding 10, alm. P. G. B. 1, sarta ngèlmoe ma-noengsa damelan C. P. K. ing Djokja

Sapoenika sampoen mèh woelan Mei; para lengganan ingkang dèrèng maringi arta kanggé kwartaal 2, kasowoen kanti taklim énggal ngintoenaken, boten f 1,87⁵, nanging f 1,50.

Administratie

Noetjékaken dinten Ngahad ing Indonesia.

Poesaranipoen pakempalan Wanita Katholik ing Nederland kintoen adhesionbetuiging (—serat prantandaning pangajoebagja—) dateng panitrangan Comité ingkang sedyanipoen ngangkah soepados pengu-gawa Katholik ing onderneming-onderneming Indonesia saged noetjékaken dinten Ngahad.

Kanggé Missie ing Soematra. Algemeene Overste-nipoen Orde van Zusters van Jezus en Maria Moeder van Goeden Bijstand, kalijan Zuster-Assistente, béndjing 15 Mei nitih baita wonten Genua preloe papriksa dateng Missie Soematra. Sareng-sareng kalijan poenika, Zuster Verhagen asli saking Schijndel lan Z. Sanders saking Geldrop oegi tindak, tjalon makarja wonten ing Missie Koetaradja.

Bintang saking Roem. Prijantoen-prijantoen politiket bangsa Djerman katah ingkang tampi bintang saking Ngarsa dalem. Ingkang makaten waoe gandéng kalijan doemadosipoen concordaat.

Dr. Marx tilas rijskanselier sinoegraha bintang Grootkruis van de Pius-orde. Rijskpostminister dr. Schaetz, minister Steiger lan Schmidt, poenapadéné staatssecretarissen sawatawis, sami tampi bintang Grootkruis van de Gregoriusorde.

Centraal-tilpoen énggal ing Vatikan. Ing Vatikan ngedégaken centraal-tilpoen énggal wonten ing Damascusplein. Sapoenikanipoen ing Va-

ticaan ngrikoe wonten tilpoen 600. Tjalonipoen boten namoeng saged sasambetan kalijan kita Roem lan Itali, oegi kalijan saindenging djagad.

Séda dalem Kg. Kardinaal Merry del Val.

Kala 3 Maart, lajon kasarékaken. Sadèrèngipoen poenika, kasembah-jangkaken St. Soetji wonten Gréda agoeng St. Pétroes, kinoebengan lilin 100 idji. Ingkang ngoermati: oetoesan Sepanjol ing Vatikan maki-sang praboe ing Sepanjol; sadèrèkipoen kakoeng tetiga kalebet oegi oetoesan Sepanjol ing Londen; ngoelama-ngoelama ing Vatikan, prijagoeng-prijagoeng lan tijang li-mrah katah sanget.

Ing serat wasijat (testament) anje-boetaken arwah dalem kaendjoek-aken dateng Hjang Trinidadji Soetji, Tyas Dalem Sri Jésoes, Dèwi Ma-riyah toewin santo pangajoman.

Sadaja kagoengan dalem kaparingaken dateng Propaganda Fide kanggé Missie ingkang kikirangan, poenapadéné moendoet kasarékaken tjaket pandjenengan dalem Pius X, mawi dipontjirèni asma lan seratan makaten: Da mihi animas, caetera tolle Salib-djadja dalah sangsangan pa-ring dalem Leo XIII, kaendjoek-aken dateng Ngarsa dalem I.S.K.S. Rama.

Djoebah dalem Pius X, ingkang pikantoeipoen saking sentana Sar-to, poenapadéné klempakan arta-arta mas djaman dalem Pius X, kaparingaken dateng College Ushaw ing Inggris ingkang kala roemijin sampoen naté kagem sinaoe.

KABAR OEMOEM. INDONESIA.

Parepatan merangi lintah darat. Badé ngedegaken coöperatie wonten ing pakampoengan lan centraal-coöperatie.

Kala malem Kemis 16/17 April, komisi merangi lintah darat ing Ngajogjakarta, saestoe ngawontenaken parepatan manggèn ing kamar bolah Handépraja, kadatengan tijang kalih belahan, dipoenpangarsani R.T. Prawiradirdja. Kampoeng-kampoeng ingkang ngintoenaken wakil 54.

Warga komisi Mr. Soejoedi ane-rangaken, lintah darat makaten ti-jang neda anak-anak langkoeng saking limrah (loear biasa). Nanging sapintin ingkang nama limrah, poe-nika boten saged katetepaken. Sa-nadyan wet inggih boten namtok-aken rente anak-anak makaten kedah sapinten. Namoenng kémawon ma-noet wet Walandi, manawi wonten prakawisan samboet kapisamboet tanpa pradjandjian prekawis anak-anipoen, poenika pradata ladjeng namtokaken ingkang njamboeti ga-dah wewenang narik anak-anak 6%. Dados, anak-anak 6% ing dalem sa-taoen, tétéla boten kénging kawas-tanan woeker. Malah afdeelingsbank anak-anipoen 20%, pagantosan lang-koeng saking 20%; . . . nanging poenika inggih dèrèng kénging ka-wastanan lintah darat. Para lintah darat, anggènipoen nganakaken lang-koeng saking 100%, malah terka-dang ngantos 200% kepara lang-koeng; ingkang makaten waoe té-téla langkoeng saking loear biasa!

Pamedar sabda anerangaken ba-bajanipoen néken serat accep. Serat accep makaten soewaoe namoenng kanggé tijang dagang. Ing ngrikoe namoenng kaseboetaken ingkang soe-raosipoen: . . . „akoe djandji bé-soek tanggal anoe (-oetawi: sawa-jah-wajah samangsa didjaloe-) ngekéki doewit maring si A. samé-né roepijah (oet. kaja sing kaseboet ing lajang iki). Ingkang makaten waoe terang ambabajani sanget awit ing ngrikoe namoenng kaserat djandji dados inggih kedah netepi. Sateroes-ipoen Mr. Soejoedi nerang-nerang-aken prakawis zegel, toewin tjara-tjaranipoen lintah darat nandoe-kaken djiretipoen.

Pamedar sabda njarijosaken ing Ngajogjakarta ingkang katekem lin-tah darat satoenggaling groep boten saking golongan kawoela, ingkang manawi nitik bajaripoen inggih nje-kapi. Déné groep waoe, groep poe-napa, pamedar sabda boten karsa medaraken.

Pamedar sabda nerangaken, ing Ngajogja wonten pranatan anak-anak damelan Kasoeltanan ingkang se-dyanipoen kanggé njegah lintah da-rat, nanging nama kesangten, awit njamboetaken doemoegi f 400 na-moenng kakéngingaken neda anak-anak f 6 ing dalem tigang woelan, sa-bakdanipoen tigang woelan sampoen boten kénging neda anak-anak.

Wasana dipoenterangaken sa-toenggiling ichtjar merangi lintah darat poenika coöperatie ingkang

ladjeng badé katerangaken sadèrèk Drijawangsa.

Warga komisi sad. Drijawangsa nerangaken lintah darat alit ing pa-kampoengan oet. singkèk méndring, poenika ageng sanget babajanipoen. Kasangsanipoen tijang kampoeng langkoeng ageng tinimbang tijang ingkang ketekem woeker ageng.

Saben pakampoengan Ngajogja-karta kebandjiran lintah darat. Ki-rang-langkoeng wonten brajat 80% ingkang kambah lintah darat. Ing mangka singkèk méndring poenika sami gadah pakempalan anama kong-si. Lebet wedaling arta inggih sa-king kongsi waoe, Malah modèl-ipoen sapoenika sami ambekta ba-rang mas inten badé lsp.

Saking pamanggihipoen pamedar sabda, samangké dèrèng titimangs-a-nipoen ngwontenaken bank alit njamboeti tijang-tijang kanggé me-rangi lintah darat. Ingkang prajogi, ngawontenaken dagang baton alit-alitan wonten ing kampoeng-kam-poeng. Saben kampoeng ing Ngajogja sami gadah pakempalan pra-lénan. Pakempalan poenika waoe soepados boten namoenng ngrembag tijang pedjah kémawon, nanging soepados angrembagoes ingkang taksih gesang, kadadosaken pakem-palan coöperatie. Saratipoen tijang ngedegaken bebaton makaten poe-nika kedah pertjaja-pinertjajan. Ka-terangaken oegi, bilih ing kalangan Tionghoa wonten pakempalan na-ma Siang Boe Tjiong Hwee. Mèh sadaja toko Tionghoa poenika sa-daja dados warganing pakempalan poenika. Mila manawi kilak inggih pikantoe mirah, njadènipoen saged kalajan mirah, satemah manawi wonten toko Djawi djédjèr toko Tionghoa, poenika tokonipoen Dja-wi ingkang pedjah. Awit, toko Dja-wi waoe kilakipoen boten pikantoe miring kados toko Tionghoa warga S.B.T.H.

Pandjang lebar anggènipoen pa-medar sabda nerang-nerangaken preloenipoen coöperatie, mawi koe-pija warni-warni.

Manawi coöperatie ing pakam-poengan sampoen dados, soepados ladjeng dipoenwonteni Centraal, pre-loenipoen sageda kilak kalajan mi-rah. Oegi katerangaken Centraal-Coöperatie waoe ing béndjing saged kasampiran njadèkaken pakarjani-poen bangsa ngriki dateng sanès nagari: sindjang, barang-barang koe-ningan, tembaga lss. Pangadjeng-adjengipoen pamedar sabda soepa-dos Centraal-Coöperatie waoe ing béndjing sageda dados Kamer van Koophandel gadahanipoen bangsa Indonesia ing Mataram.

Sabakdanipoen prijantoen kekalih poenika, katah ingkang sami oedoe rembag. Ingkang preloe koela pé-ngeti ing ngriki, rembag saking sdr. Soerjapranata atas namanipoen pa-

kempalan Kemadjoean Economie Pe-moeda i.p. pakempalanipoen para anèm wedalan H.I.S., Mulo, lss. ingkang sami boten pikantoeok pan-damelan, ingkang nembé kémawon maged wonten ing Ngajogjakarta.

Saking pamanggihipoen pamedar sabda, ichtjar merangi lintah darat poenika: 1) Tijang kedah ngirangi anggènipoen seneng-seneng, kar-o-jalan warni-warni (sociale behoeften); mrelokaken kabetahan economie. 2) Njoeuwon dateng Nagari soepados: a) tijang ingkang pantjèn boten sa-ged njaoer, sampoen kalebetaken wonten tahanan-boewi. (Negari saged nahan tijang boten saged njaoer samboetan ngantos doemoegi sataoen-). b) Nagari anetepna: anak-anak koewi koedoe saméne pre-sèn! c) Wekdal itjaling samboetan (verjaring) kedah kirang saking sadasa taoen. d) pangadilan sam-poen poeroen nampi patoeran-ipoen tijang njamboetaken ingkang tanpa boekti-boekti seratan! lss. 3) dipoenwontenana bank, sosorah-so-sorah, lan kantor kanggé ngeteraken tijang ingkang dipoenpredatakaken margi prakawis samboet-kapisam-boet. 4) Advocaat-advocaat bangsa Indonesia soepados boten sami ngré-ntjangi woeker.

Sad. Hardjaetama, nerangaken risaking economie kita poenika ka-bekta saking sawenèhing adat kina ingkang kalestantoenaken doemoegi sapriki, oep. gadah damel ageng-agengan srana nganak-anakaké, soembang-soembaungan (ingkang sa-poenikanipoen ladjeng gadah pang-a-djeng-adjeng béndjing badé nagih). lss. Kadjawi poenika inggih kasa-babaken margi main!

Sad. Soetédja nerangaken bilih ing doesoen Pakem wonten loem-boeng-coöperatie kanggé nanggoe-lang lintah darat: Warga kadjibah oeroen f 10 katjijtjil f 2,50 sabèn taoen oetawi pantoen ingkang pa-ngaosipoen f 10. Manawi mangsa patjeklik kasamboetaken tanpa anak-an, wangsoel manawi panèn. Na-nging ladjeng ketelasan jatra margi saking katahipoen ingkang njam-boet. Katéda soepados Commissie damel sub-commissie ngrembag me-rangi lintah darat ing padoesoenan.

Sad. A.S. Dwidjasaraja ngandar-aken asoeraos: . . . „Kita sadaja tétéla meningi djaman djiretanipoen lintah darat. Kita sami ichtjar me-rangi lintah darat waoe! Nanging kita oegi kedah ngènti djaman béndjing!, tegesipoen: djamaning anak poetoe kita! Kita kedah am-boedidaja oegi, sampoen ngantos anak-anak toewin poetoe kita me-ningi djaman djiretanipoen lintah darat kados bapa lan embah-em-bahipoen! Ichtjar kita ambéngkas lintah darat kedah boten namoenng awoedjoed coöperatie poenika waoe! Ichtjar makaten waoe koela wa-stani namoenng nggepok wadagipoen! Pangrembag kita kedah langkoeng lebet, ngepok doemoegi oejodipoen! Ichtjar kita tanpa teges, menawi ojodipoen boten kita bedoll! Kita kedah marsoedi saged ngoebetaken economie, ngoebetaken arta! Angè-ngeti djamaning anak poetoe, anggè-ni kita badé ngleboer lintah darat ke-dah oegi medal margi panggoela-wentah-economie. Wiwit alit anak-anak kita kedah kapresoedi saged njepeng arta, gemi, remen njéngi! Semanten oegi wonten sakolahan! Saking sakedik kaserep-serepaken paédahipoen (spaar)-bank, verzeke-ring kadosdéné O.L. My Boemi-poetera lss! . . . (Verslaggever).

Onderstand waranda. Samangké sampoen wonten te-pan pranatan njoekeani arta pitoe-loengan dateng warandaning militèr dédé bangsa Éropah oetawi ingkang kasamèkaken kalijan militèr golongan poenika waoe, ingkang pedjah won-ten salebeting dines lan margi dines. Semanten oegi toemrap waranda-nipoen poenggawa-poenggawa ka-pal Koninklijke Marine bangsa Pri-boemi.

Paos-sakolah. Manoet pamirengipoen Aneta, kanggé ngitjali arta sakolahan la-djeng kadadosaken paos-sakolah (opvoedingsbelasting), Departement Onderwijs anggènipoen keklempak boekti saking tanah-tanah mantja, kénging kaadjeng-adjeng rampoen ing taoen poenika.

Departement Financiën tétéla bo-ten gadah kawraton prakawis itja-lipoen arta sakolahah kagantos op-voedingsbelasting waoe.

Wohing panitipriksa kanggé sa-watawis wekdal saking tanah man-tja, tétéla bilih Parangkak wiwit 1881 sampoen gadah sakolahan doe-soen nem taoenan ingkang tanpa bajaran. Djerman gadah Grund-schule kawan taoenan ingkang won-ten poendi kémawon gratis, nanging sakolahan pérangan nginggilipoen boten gratis.

Sawenèhing tanah Djerman won-ten ingkang moepoe paos-sakolah. Gemeente ing Baritanjah katah ingkang moepoe paos-sakolah. On-derwijswet taoen 1918 ngawisi na-

Aneta saking Betawi tanggal 16 April martosaken: „Gandèng kalija-n poetoesanipoen Hollandsch-In-landsch-Onderwijs-Commissie, De-partement Onderwijs oesoel dateng Paréntah ambangoen sadaja systeem onderwijs Kilénan ingkang dateng bangsa Indonésijah.

Manawi Nagari njaroedjoeki oe-soel waoe, toemindakipoen badé wiwit béndjing 1 Djoeli 1931 sarta tjalon saged karembag wonten pa-repatan Raad Kawoela ngadjeng poenika, sareng-sareng kalijan pa-ngrembaging begrooting 1931.

Sakolahan H.I.S. ingkang wonten ing sapoenika poenika, badé saged itjal saking sakedik. Menggah se-dyaning pambangoen waoe namoenng badé ngindakaken woh langkoeng katah tinimbang wohipoen H. I. S. ing samangké, amargi manoe papriksanipoen H. I. S. - Onderwijs-Commissie tétéla bilih H. I. S. sa-mangké ageng sanget pitoeenanipoen.

Kadjawi poenika pambangoen waoe inggih anggadhahi sedyas sa-geda ngatahi standardschool nem klas ingkang piwoelangipoen toe-mindak mawi basa Priboemi ladjeng saged andjajari volksonderwijs ing Éropah Kilèn. Sampoen mesti ké-mawon ingkang makaten waoe na-moenng saged katindakaken wonten panggénan-panggénan ingkang kamadjenganing economie toewin cul-tuur (economische en cultureele ontwik-keling) saged ngadjangi sa-kolahan kados makaten.

Sedyas énggal waoe oegi andjanga-ka ngatahi piwoelang basa Walandi langkoeng katah tinimbang won-tenipoen sapoenika, kados ingkang dados idam-idamanipoen B. O. toewin pakempalan-pakempalan sa-nèsipoen

Babangoenan toemrap H. I. S., poenika ingkang bakoe makaten:

H. I. S. makaten delesipoen kang-gé anak ingkang prijantoen. Nanging kawontenanipoen doemoegi sapriki, moerid-moerid H. I. S. wonten ing-kang pantjènipoen dédé papanipoen sakolah ing H. I. S. Kawontenan makaten waoe pikadjengipoen Com-missie badé dipoendandosi.

Anak-anakipoen tijang dédé pri-jantoen, tjalon kapapanaken wonten schakelschool. Sadèrèngipoen mle-bet schakelschool, sekolahipoen wonten angka kalih (-doemoegi klas nemem-), lan wiwit klas tiga sampoen kawoelang basa Walandi. Saking pamanggihipoen Commissie ichtjar makaten poenika saged ngle-betaken onderwijs Kilénan ingkang wohipoen langkoeng saé. Awit, laré ingkang klebet wonten schakel sam-poen pilihan; saringan saking angka kalih ingkang mawi woetjalan Wa-landi waoe. Dados larènipoen pa-tohan! Déné sakolahan H. I. S. badé wonten ingkang mawi internaat, lan wonten ingkang kabangsan dados schakelschool. Bakda klas 5 ladjeng wonten differentiatie (—dipoenbé-dakaken? —) langkoen-langkoeng kanggé laré ingkang kirang tjakep basanipoen Walandi.

Para maos!

Pandjenengan sadaja taksih sami kèngetan Hollandsch Inlandsch On-derwijs-Commissie poenika adeg-ipoen mitoeroet dawoeh kattimang-san 28 November 1928, no. 19. Déné sedyanipoen matitisaken on-derwijs Kilénan ingkang kaparing-aken dateng bangsa ngriki.

Pakempalan P. G. H. B. inggih damel Commissie sedyanipoen ni-sihi pamanggihipoen H. I. O. - Com-missie bab anggènipoen nedyas ngringkes tjatjahipoen H. I. S.

H. I. O. - Commissie gadahanipoen P. G. H. B. boten moepakat manawi Nagari ngirangi sakolahan H. I. S. toewin Schakelschool. Menggah se-bab-sebabipoen sampoen kawah-jakaken wonten konggrès kala taoen 1929. H. I. O. - Commissie gadah-anipoen P. G. H. B. waoe inggih mratikelaken sagedipoen H. I. S. djadjar kalijan Europ. Lagere School,

rik bajaran sakolah.

Sadaja gemeente ing Sijem ing-kang dados wewengking onder-wijswet kanggé pamoelangan andap, boten njoewak paos-sakolah lan ar-ta-sakolah ing sakolahan-sakolahan goepermèn.

Ing Australië lan Nieuw Zeeland, sadaja sakolahan andap gratis.

Ing Ceylon sakolahan Priboemi tanpa bajaran, sakolahan Inggris mawi ambajar.

Panitipriksa waoe oegi mratéla-ken bilih sadaja tanah ingkang nga-dani onderwijs tanpa bajaran, ing

sarana: a) Voorklas ing samangké ingkang praktikiipoen ladjeng san-toen sipat dados klas I, soepados kagantos Fröbelklas ingkang saès-toe. Wonten ing Fröbelklas waoe loemebet anggènipoen moelangkaken basa Walandi katjaraa dolanan, da-dos boten kasengadja kados ang-gènipoen nglebetaken samangké. Ingkang katampi wonten Fröbelklas laré ingkang sampoen oemoer 6 taoen. b) Ing H. I. S. kawoelangana basa sawarni. Déné basa Djawi toe-win Mlajoe kawoelangaken ing wan-tji sonten lan namoenng laré-laré klas 6 toewin 7. c) Goeroe-goeroenipoen sadaja kedah ingkang pantjèn ga-dah wewenang (bevoegdheid). d) Ngitjali sadaja piwoelang ingkang namoenng ngewrat-ewrati piwoelang ing H. I. S. e) Prakawis-prakawis ingkang kawoelangaken kedah lang-koeng kalarasaken kalijan gesang-ing laré-laré.

Poenapa pratikel wiwit a—e waoe inggih sadaja kaagem ing Nagari? Prakawis poenika dipoentensi ké-mawon kados-poendi njatanipoen!

Kabar ing nginggil poenika, para prijantoen, ngènetaken kita dateng babad-babadipoen sakolahan andap ing ngriki. Mangga, . . . angka kalih kawan klas, dados gangsal klas, . . . volkschool, . . . vervolg-school, . . . woelangan 3/4 djam la-djeng kaanggé njatengah djam! . . . standardschool nem klas, . . . ngang-gé woelangan Walandi, . . . Sako-lahan angka 1, . . . H. I. S. sapoenika kabangoen malih!

Kawontenan poenika jèn kamanah mila nggoemoenaken! Saben-saben éwah makaten, owah ngono! Se-moenipoen nalika Nagari wiwit manggali onderwijs kanggé bangsa ngriki, kok boten kagoengan dada-sar tjespleng; mitajani; koedoe mang-géné! Kados-kados nalika wiwit manggali onderwijs kanggé bangsa ngriki, poenika kok namoenng ka-anggep barang sambèn, sakepénakél (— Apa péh tanah djadjanah? - Ki-lap! —). . . . Mangga, . . . mang-ka nagari Djepang kala taoen 1872, sampoen gadah rantjangan onder-wijs sampoen! Kala samanten Djepang sampoen gadah tatesalen onderwijs toemrap sadaja pangge-sangan. Mila anggènipoen njoedijani onderwijs kanggé kawoela ageng, alit, djaler, èstri, dipoenlonggari sanget! Idam-idamanipoen: adja ana wong Djepang sidji baé sing ora bisa matja noelis!

Para maos! Pandjenengan mangret-os, Nagari jasa standardschool nem klas! H. I. O. - Commissie ka-gogenganipoen Nagari ngoesoelaken H. I. S. wontena ingkang mawi in-ternaat; sakolahan angka kalih ma-wia woelangan basa Walandi!

Kawontenan makaten waoe ane-dahaken bilih toemrap prakawis poenika djangkahipoen Missie lang-koeng tebih! Awit, Goepermèn dè-rèng padja-padja damel angka kalih nem klas, Missie sampoen ngadani! Sadèrèngipoen Nagari kagoengan karsa standardschool mawi woel-angan basa Walandi, sakolahan Missie sampoen nindakaken! Sadè-rèngipoen Goepermèn kagoengan kersa ngawontenaken H. I. S. mawi internaat, Missie inggih sampoen gadah! Malah basa Walandi ka-woelangaken wonten Normaalsch., poenika Normaalschool-ipoen Mis-sie inggih sampoen langkoeng dan-goe anggènipoen nindakaken! . . . enz.

Nitik kawontenan poenika, ing bab prakawis waoe, kénging kawastanan Goepermèn anjéngkok Missie! Té-téla oegi bilih anggènipoen Missie nglebetaken basa Walandi wonten Standardschool toewin Normaalschool (— langkoeng roemijin tinim-bag Goepermèn —), poenika meng-koe kawaskitan; saged njoedijani tjalon panedaning djaman!

Kumuningsaselé, 19 April '30.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

CORRESPONDENTIE.

Sad. J.A. kerangan boten saged kapatjak, mriksanana Sw. Tm. No. 26, 27, 28 taoen 1929.

C. Mltn. boten wonten.

Garis K.D. sampoen ngertos pijambak.

Sad. C. S. At. boten prajogi kapatjak.

Pambantoe kaèngketaken, sampoen metiki serat kabar sanès, awit katah botenipoen kapatjak.

Delantjang boten kénging kaseratan wolak-walik; ingkang makaten boten kanggé.

Document boten kénging katoetoe; sake-dikiipoen prangkoe f 0.12.

Kerangan sanèsipoen dipoensrantosaken roemijin; kirang papan.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAË TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED
ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W. }

Nitjil kènging! - Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

Boeat toean poenja

ERCEEE

APOTHEKEN

Rathkamp
& Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

Lair kanti willoedjeng
ing dinten Djoemoewah 28 Maart 1930:
IRMINA - NĒSTRI - HARDJAPRAWATA.
BATANG 14-4-'30.

MANGGA SAMI NGABARNA

ING

SWARA-TAMA!

Toko DJOEN & Co., Djocja.
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI - TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.
SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djanngan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih datang saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG H. SPIEGEL - Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen - Theeserviezen: f 5.75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
- permainan boeat anak-anak ketjil. -

Semoea barang paling djempol, dan moerah sekali!

TJĒT GILAP wedalan **FRIELING** model **A.**

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2 1/2 1 1/2 kilo;
sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJĒT GILAP model **B.** kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50;
5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJĒT R. B. FRIELING,
Gondhomanan 80 - DJOKJA - Telefoon no. 784.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6-7.30	Lamah 5.30-6-8	Pekalongan 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang 5) 7	Pemalang 3) 7.30	Kepandjèn 6-7-9
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6-7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6-7.30-9
Bandoeng 6-7.30-9	Magelang 7-9	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6-7-8.30
Benkoelen 7.30-9	Makassar 6-7.30	Poerworedjo 7-8.30	Tandjoeng Balai 7.30
Blitar 7.30	Malang 6-7.15-8.30	Pontianak 7-8.30	Tandjoeng Karang 8
Buitenzorg 6-8	Manado 6-7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30
Cheribon 7.30	Medan 6.30-8-8.30 (tjina)	Salatiga 7.30	Tara-Tara 7.30
Djember 7.30	Medari 6) 7.30	Sambas 6-8.30	Tegal 2) 7.30-9.30
Djokja:	Messter Corn. 7-9	Sambong 8	Tering 7
Kampementstraat Eur. 7-9	Mendoet 6-7.30	Sawah Loento 7-8.30	Tjilatjap 8) 7.30
Kota Baroe Jav. 6-8	Modjokerto 6-8	Sedajoe 7	Tjimahi 6-8
Djombang 1) 7.30	Moentilan 5-6-8	Semarang: 5.45-8.30	Tomohon 7-8-9
Fort de Kock 7.30	Muntok 8	Gedangan 6-8	Wates 7) 7
Gandjoeran 2) 7	Ngawi 7) 7.30	Bangkong 6.30-8.30	Weltevreden:
Gombong 3) 7.30	Padang 7-8.15-9 (tjina)	Tjandi 7.30	Waterlooplein 5.45-7-9
Keboemèn 4) 7.30	Padang Pandjang 7.30	Randoesari 7-9	Kramat 6-8-9 (mal.)
Kediri 7.30	Pajakoembo 7.30	Singkawang 6.30-9	Wonosobo 8) 7.30
Klatèn 7.30	Palembang 7-9	Soekaboemi 6-7.30	Woloan 8.30
Koeta Radja 6.30-8	Pasoeroean 1) 7.30	Heuvel 5.30	

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiao² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

ngrikoe inggi dipoenwonteni kawadjan kedah sekolah (leerplicht).
Prakawis poenika toemrap Indonesia bokmanawi saged katindak-aken bédjing taoen 1932.

Prakawis Poppie Bekkering, taksih peteng.

Karim bangsa Boegis ingkang nembé poenika kawartosaken ngakeni badé medjahi nonah Poppie Bekkering, taksih katahan. Wonten poelisi ingkang mastani, anggènipoen ngakeni waoe namoeng étok-étok, ngaken-ngakenan, margi dados pirantosing sanès. Doemoegi sapriki boetamal blati dèrèng pinanggih, tegesipoen dèrèng wonten boekti sah manawi mila Karim ingkang natoni.

Ama tikoos.

A. I. D. mireng pawartos saking Koepang, bilih tanah Amfoang katrang ama tikoos, nggegirisi.

Taneman djagoeng toewin panton risak babar pisan. Bestuur awéwéka kanggé njegah bebaja patjeklik.

Djiwa kanggé Digoel.

Soedirman, oemoer 25 taoen, tilas goeroe bantoe Boemidjawa (Tegal), tilas panoentoen P. K. I. Karangdjati, kalahiran Tjampoerredja, distrik Ardjawinangoen (Panasaga), kaboetjal dateng Digoel.

Inspecteur Inlandsch Onderwijs.

Toean H. C. H. Croes, tijd. Inl. Onderw.-Inspecteur kaangkak dados Inspecteur kanggé Algemeene dienst, manggèn ing Betawi.

Tèh dipoenwatesi.

Aneta njarijosaken, para ingkang gadah kaboedidajan tèh mentas sami parepatan wonten Betawi badé njoeda angsal-angsalanipoen panggaotan tèh sajoeta poen.

Aniem kabaékot??

Sedya Tama mireng pawartos pa-

ra Tionghoa Kediri katah ingkang medot boten lengganan lampoe Anièm, malah wonten rembag telasipoen woelan April poenika para Tionghoa ing ngrikoe badé sami boten lengganan Anièm sadaja, djalaran saking kekatahan rèwèl, damel anjelipoen para lengganan.

Indonesische Studiefonds.

Tanggal 15 April poenika, wonten ngadjengipoen notaris Thomas, ing Betawi ngadeg pakempalan Indon. Studiefonds. Ingkang nggedegaken prijantoen 59, sarta sampoen saged gadah arta f 1625. Sedyanipoen mitoeloengi para anèm ingkang badé ngadjengaken sinaoe. Pangrèh: R. A. prof. dr. H. Djajadiningrat (eerevoorz.), R. A. A. Soejana (voorz.) dr. Tumbelaka (plverv. voorz.), K. P. H. Hadiwidjaja, R. A. A. Wiranata-koesoema, Tjokorde Gede Raka Soekawati, H. Thamrin, dr. Mochamad Sjaaf, dr. J. Kayadoe, R. mr. Hadi (secretaris, penn. m.), R. Soewandi (pl. vvng. secr. pennm.)

Mr. Iskak wonten Makasar.

Kabar-kabar sami njarijosaken Mr. Iskak Tjakrahadisoerja bikak kantor advocaat wonten Julianagade ing Makasar. Kanggé sawatawis wekdal wonten nginggilipoen toko Mahmoed en Sjahdat.

Hèroetjakra kaboetjal.

Aneta martosaken, awawaton artikel 37 I.S., toewan A. Ch. A. Diets alijas Mohamad Hèroetjakra, oemoer 55 taoen, boten gadah pandamelan, kalahiran ing Balangnipa afd. Mandar, Celebes, sarta ingkang anggènipoen gegrija wekasan pijambak wonten Kenangkan, distr. Oengaran, Semarang, kanggé preloening katen-treman oemoem kaboetjal dateng Pangkalpinang res. Bangka lan djajahanipoen.

Manifest Perhimpoean Indonesia.

Kantor redactie Soeara Publik kagládah: redacteuripoen katjepeng.

Manoet Aneta 17 April saking Soerabaja, poelisi anglédah kantor redactie Soeara Publik, margi mentas ngewrat pertalan saking basa Inggris awoedjoed manifestipoen Perhimpoean Indonesia. Manifest waoe katah temboeng-temboengipoen ingkang moerang tata dateng papréntahan Walandi, anjela tindakipoen Paréntah bab P. N. I. toewin S. K. B. I. Satoenggiling redacteuripoen ingkang mretal manifest waoe, anama J. Waney, bangsa Menado, warga P. N. I., dipoentjepeng. Sapéranganing oplaag, zetsel toewin copie dipoenrampas.

MANTJA NAGARI.

NEDERLAND.
Poetri Juliana.

Béndjing 30 April angleresi wijosanipoen Poetri Juliana, prakawis anggènipoen papatjangan sang Poetri kalijan Pangéran Wilhelm Ernst von Erbach Schöberg, badé kaeoemoemaken.

Sang Pangéran waoe joeswa 26 taoen, sinaoe wonten Hannover. Manawi kaeroetaken saking éjang poetri saking rama, sang pangéran taksih darah Walandi.

Katjarjosaken oegi bilih Poetri Juliana sapoenika sinaoe njepeng balé grija, otjal-otjal lsp.

ROESLAN.
Tjetjawis damel gègèr.

Kawartosaken saking Moskou bilih Komintern riboet atjetjawis

kanggé damel gègèr wonten ing sadaja kita ageng ing Éropah. Kedjawi poenika, Manifest pinten-pinten sampoen kasebaraken, bédjing tanggal 1 Mei soepados kaanggéa pasasmitan burgeroorlog.

INDIJA - INGGRIIS.
Gégèran.

Aneta Reuter saking Simla 20 April poenika martosaken ing Chittagong wonten gégèran. Poelisi lan militèr sami andatengi Chittagong poesering ébah-ébah méréh. Tijang kraman 100 nempoe setatsijoen, kadjarah-rajah. Daloenipoen nempoe gedong-dedamelipoen poelisi ing Chittagong. Ingkang itjal sendjata, pistoel 20, sendjata modèl kina 55.

Kraman saged medjahi sersan-major, tijang Engelsch-Indiër, lan Britsch-Indiër sekawan.

Katah tijang sami dipoentjepengi. Kawontenanipoen poelih tentrem.

FILIPPINA.
Vice G. G. Priboemi?

Toewan Eugene A. Glimore, ingkang sampoen sangang taoen dados vice - G. G. nembé poenika njèlèhaken pandamelanipoen, sarta ladjeng kadadosaken pangageng pamoe-langan loehoer pangadilan.

Serat-serat kabar sami njawoengaken bangsa Priboemi kekalih i. p. w. d. Senaat President tw. Osmeda, kalijan dr. Rafael Palma president pamoe-langan loehoer Filippina.

AGENT KANGGÉ SALEBETIPOEN NGAJOGJAKARTA.

Sepeda-sepeda merk:
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer. HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin. TOURIST: A. A. sarta A.

Sedija oegi sepeda merk:
RAY - SWIFT - GRUO - HUMBER - VIALLE - BURGERS E.N.R. - KROON - NATIONAL - BERGKONIG. Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.-, f 65.-, f 75.- saprabotipoen: Kliting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.

Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk: ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus. Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen tosan sarta tjèt wènter.

PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.
Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratèlanipoen kalajan lelahan.

Njenjadang Welingan.
Rijwielhandel Reparatie-inrichting en Smederij: "WIRISOESEN"
Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.